



**Depatman Sante Eta Florid
FÒMILÈ KONSANTMAN
TÈS KONFIDANSYÈL IMEN IMINO DEFISYANS VIRIS (HIV)
Ki pa fèt nan milye ki espesyalize nan sante**

Pa gen moun k ap fè yon tès pou HIV nan yon lokal ki pa espesyalize nan sante san li pa jwenn anpremye fòmilè konsantman avize sou tès la oswa reprezantan legal li. Yo dwe bay fòmilè Konsantman avize alekri jan Règ 64D-2.004(3) egzije l la nan Kòd Administratif Florid la. Ou kapab jwenn eksepsyon ki genyen pou fòmilè konsantman avize nan atik 381.004(2)(h), Lwa Florid yo. Ou kapab sèvi avèk fòmilè sa a pou ekri ou te enfòm moun nan kap pran tès sou konsantman oswa pou montre ou satisfè egzijans konsantman sa a alekri. Rezilta tès (HIV) epi poutèt yon moun fè tès (HIV), se yon bagay konfidansyèl epitou li pwoteje dapre lalwa. Tout moun ki konnen rezilta tès (HIV) yon lòt moun genyen yon obligasyon legal pou pwoteje enfòmasyon sa a kont divilgasyon l ki pa otorize. Lwa nan Florid enpoze penalite sevè pou vyolasyon konfidansyalite.

Tès HIV se yon pwosedi ki sèvi avèk tès FDA apwouve pou detekte prezans (HIV), viris la ki lakòz SIDA epitou pou wè kòman HIV afekte kò ou. Yo kapab ofri w youn nan plizyè tip de tès. Tès HIV a ki pi komen an detekte antiko kò a devlope apre enfeksyon HIV. Rezilta tès yo vrèman fyab, men yon rezilta tès ki negatif pa garanti ou an bon sante. An jeneral, li kapab pran jiska twa mwa pou antiko HIV devlope. Sa rele "peryòd entèval". Pandan tan sa a, ou kapab teste negatif pou HIV menmsi viris la nan kò w epi ou kapab transmèt li bay lòt moun. Yon rezilta tès antiko HIV ki pozitif vle di ou enfekte avèk HIV epitou ou kapab transmèt li bay lòt moun, menm lè ou santi ou an bon sante. Genyen lòt tès ki kapab detekte prezans viris la nan san w, ki kapab mezire nivo viris la nan san w, ki kapab mezire konbyen Selil- T nan san w, oswa wè si viris la sansib a medikaman HIV/SIDA yo. Kèk nan tès sa yo kapab mande yon dezyèm echantiyon pou fè tès ki pi avanse. An jeneral, rezilta tès yo ap disponib nan apeprè de semèn. Si ou konsanti lè w ranpli epi siyen fòmilè sa a, y ap pran yon echantiyon epi y ap teste w.

Si se yon tès HIV rapid yo itilize, rezilta yo ap disponib nan menm jou a. Si tès rapid la detekte antiko HIV yo, li trè pwobab ou enfekte avèk viris la, men fòk yo konfime rezilta sa a. Y ap mande w pou bay yon lòt echantiyon pou plis tès. Konfimasyon rezilta tès sa ap disponib nan apeprè de semèn.

Si w teste pozitif, depatman sante lokal la ap kontakte w pou ede w avèk konsèy, tretman, ak lòt sèvis sipò yo si w bezwen epi si w vle yo. Yo pral mande osijè sèks ak/oswa si w konn pataje sereng ak patnè, epitou y ap ofri w sèvis patnè volontè (PS). Rezilta tès HIV a ap vin fè pati dosye medikal konfidansyèl ou. Si w ansent, oswa vin ansent, rezilta tès yo ap vini fè pati dosye medikal tibebe ou a.

Li enpòtan nan tretman w lè yo detekte enfeksyon HIV bonè, epi avèk prekosyon apwopriye yo, sa ede anpeche maladi a pwopaje. Si w ansent, genyen tretman disponib pou ede w anpeche tibebe ou a atrape HIV. Si w genyen nenpòt kesyon, tanpri mande konseye w, doktè w oswa rele nan nimewo telefòn Dirèk SIDA Florid (AIDS Florida) (1-800-FLA-AIDS oswa 1-800-352-2437) anvan siyen fòmilè sa a.

KONSANTMAN OTORIZE		<i>Kliyan dwe mete inisyal sou konsantman deklarasyon an epi siyen anba a. Fòmilè konsantman sa a dwe gen dat ak temwen.</i>
OBLIGATWA		
_____ WI _____ NON	Mwen te enfome sou tès HIV ak avantaj ak limit li yo. Mwen konnen gen kèk tès ki mande pou	
Mete Inisyal la a	yon dezyèm echantiyon pou plis tès avanse.	
_____	_____	_____
Dat	Siyati Kliyan oswa Reprèzantan Legal	Non Kliyan Enprime
_____	_____	_____
Siyati Temwen	Relasyon Reprèzantan Legal avèk Kliyan an (Si Aplikab)	

OPSYONÈL

**_____ WI _____ NON
Mete Inisyal la
Si Aplikab**

Si mwen deplase kite zòn nan oswa viv yon lòt kote, mwen vle yo voye rezilta mwen yo ba founisè swen nan sante piblik apwopriye oswa bay non doktè a ki make anba a yon fason pou yo ka enfòme mwen sou rezilta mwen yo epitou pou m ka resevwa konsèy apre tès la.

Doktè Prefere oswa Lokal ak Adrès Lapòs yo

Enstriksyon:

1. Tanpri asire kliyan yo li epi konprann enfòmasyon a ki bay nan fòmilè konsantman sa a. Si kliyan yo pa kapab li oswa konprann enfòmasyon sa a, konseye ta dwe li li pou yo.
2. Kliyan an dwe mete inisyal nan chak de deklarasyon konsantman kote li apwopriye epitou dwe siyen epi mete dat anba fòmilè a
3. Si se yon reprezantan legal kliyan an ki siyen fòmilè konsantman nan, yo dwe endike ki relasyon li avèk kliyan an nan liy apwopriye a.
4. An akò ak pwotokòl eta a, si kliyan an vle yo transmèt rezilta yo, Pwogram Manadjè STD a ap jere tranzaksyon.
5. Tout fòmilè konsantman yo dwe genyen siyati youn temwen. Konseye a k ap konseye jan pou fè tès preliminè a kapab sèvi kòm temwen an.

DH1818, 04/2017



**Depatman Sante Eta Florid
FÒMILÈ KONSANTMAN
TÈS ANONIM IMEN IMINO DEFISYANS ANTIKÒ VIRIS (HIV)
Ki pa fèt nan milye ki espesyalize nan sante**

Tès HIV se yon pwosedi ki sèvi avèk tès FDA apwouve pou detekte prezans (HIV), viris la ki lakòz SIDA epitou pou wè kòman HIV afekte kò ou. Tès HIV a ki pi komen an detekte antikò kò a devlope apre enfeksyon HIV. Rezilta tès yo vrèman fyab, men yon rezilta tès ki negatif pa garanti ou an bon sante. An jeneral, li kapab pran jiska twa mwa pou antikò HIV pou devlope. Sa rele "peryòd entèval". Pandan tan sa a, ou kapab teste negatif pou HIV menmsi viris la nan kò w epi ou kapab transmèt bay lòt moun. Yon rezilta tès antikò HIV ki pozitif vle di ou enfekte avèk HIV epitou ou kapab transmèt li bay lòt moun, menm lè ou santi ou an bon sante.

Si ou konsanti lè w ranpli epi siyen fòm sa a, y ap pran yon echantiyon epi y ap teste w. An jeneral, rezilta tès sa ap disponib nan apeprè de semèn.

Si w teste pozitif, yo pral mande osijè sèks ak/oswa si w konn pataje sereng ak patnè w yo, epitou y ap ofri w sèvis konsèyè ki volontè pou patnè.

Li enpòtan nan tretman w lè w detekte enfeksyon HIV bonè, epi avèk prekosyon apwopriye yo, sa ede anpeche maladi pwopaje. Si w ansent, genyen tretman disponib pou ede w anpeche tibebe ou a atrape HIV. Si w genyen nenpòt kesyon, tanpri mande konsèyè w, doktè w oswa rele nan nimewo telefòn Dirèk SIDA Florid (AIDS Florida) (1-800-FLA-AIDS oswa 1-800-352-2437) anvan siyen fòm sa a

KONSANTMAN OTORIZE		<i>Kliyan dwe endike si yo swete teste lè yo tcheke "Wi" oswa "Non"</i>	
_____ WI _____	_____ NON	Mwen te enfome sou tès HIV ak avantaj ak limit li yo. Mwen konnen gen kèk tès ki mande pou yon dezyèm echantiyon pou plis tès.	
_____ Tcheke la		Mwen Konsanti pou m teste.	
_____ Dat			
<div style="border: 1px solid black; padding: 5px; min-height: 40px;"> Mete Estikè ID Eskanè DH1628 la a </div>			
_____ Siyati Temwen		_____ Dat	

Instructions:

1. Tanpri asire kliyan yo li epi konprann enfòmasyon a ki bay nan fòmilè konsantman sa a. Si kliyan yo pa kapab li oswa konprann enfòmasyon sa a, konsèyè ta dwe li li pou yo.
2. Apre kliyan anonim yo fin resevwa enfòmasyon sou tès antikò HIV a, yo dwe endike konsantman yo lè tcheke "wi" oswa "non" date fòm nan, epitou pou sila yo ki chwazi teste yo, mete eskanè ID# a sou fòm nan.
3. Tout fòmilè konsantman yo dwe genyen siyati youn temwen. Konsèyè a k ap konsèyè jan pou fè tès preliminè a kapab sèvi kòm temwen an

DH1818, 04/2017